

JUDE

¹ Jude, yon sèvitè-atache nèt a Jésus Kri, epi frè la a Jacques, ekri a [☆]sa yo ki rele sen nan Bondye, Papa a, epi ki [☆]konsève pou Jésus Kri.

² Ke mizerikòd la, lapè, ak lamou kapab [☆]ogmante anvè nou.

³ Byeneme yo, pandan mwen t ap fè tout efò pou ekri nou selon delivrans ke nou pataje ansanm, mwen te sanse ke m te bezwen ekri nou epi plede avèk nou ke nou [☆]lite fò pou [☆]lafwa ki te delivre yon fwa pou tout a sen yo.

⁴ Paske gen sèten moun yo ki te glise antre nan mitan nou san ke nou pa wè, sa yo ki te [☆]fin make pou kondanasyon sila depi avan lè; moun san Bondye ki ta vire lagras Bondye nou pou vini yon lisans pou fè sa ki mal, epi [☆]rejete sèl Mèt ak Senyè nou, Jésus Kri.

⁵ Koulye a, mwen vle fè nou sonje, malgre ke nou deja konnen tout bagay yo nèt, ke Senyè a [☆]apre Li te delivre yon pèp sòti nan Égypte, apre te detwi tout sa yo ki pa t kwè.

⁶ Epi [☆]zanj yo ki pa t kenbe pwòp wòl yo, men te abandonnen pwòp plas yo, Li te kenbe byen [☆]anchennen anba tenèb la, pou jijman a nan gran jou a.

[☆] **1:1** Wo 1:6 [☆] **1:1** Jn 17:11 [☆] **1:2** I Pi 1:2 [☆] **1:3** I Tim 6:12

[☆] **1:3** Trav 6:7 [☆] **1:4** I Pi 2:8 [☆] **1:4** I Tim 2:12 [☆] **1:5** Egz 12:51 [☆] **1:6** II Pi 2:4 [☆] **1:6** II Pi 2:9

7 Menm jan ke Sodome ak Gomorrhe ansanm ak vil yo ki te antoure yo, akoz ke yo fè menm bagay, epi te antre nan imoralite a byen lèd, epi t ap chache vis lachè yo ki pa t menm twouve nan nati, se prezante kon yon egzanp, e te [◊]pase nan pinisyon dife etènèl a.

8 Malgre sa, moun sa yo fè menm bagay la. Ak rèv ke yo fè, yo [◊]defile lachè a, rejete otorite a, epi meprize zanj majestik yo.

9 Men [◊]lakanj Michel, lè li te dispute avèk dyab la, epi te despite sou kò Moise la, pa t menm tante pwononse yon jijman cho, men te di [◊]"Ke Bondye bay ou repwòch."

10 Men [◊]moun sa yo meprize sa ke yo pa menm konprann. Konsa, se pa bagay yo ke yo konnen pa lensten, kon bêt ki pa ka menm rezonen, ke yo vin detwi.

11 Malè a yo! Paske yo ale [◊]menm jan avèk Caïn. Pou yon salè yo te kouri tèt an avan nan erè Balaam nan, epi te [◊]peri nan rebelyon Koré a.

12 Moun sa yo se resif yo k ap kashe [◊]nan fet lamou sen nou yo, lè yo vin fète avèk nou san fè lakrent, men konsène sèlman ak pwòp tèt pa yo. Yo se [◊]nwaj yo ki san dlo, pote pa van a, bwa sezon fwèt la san fwi, de fwa mò, dechouke menm;

13 [◊]volas lanmè sovaj yo, k ap kimen nan pwòp wont yo tout kalite lenpirite yo; zetwal erann

[◊] **1:7** Mat 25:41 [◊] **1:8** II Pi 2:10 [◊] **1:9** II Pi 2:11 [◊] **1:9** Za 3:2

[◊] **1:10** II Pi 2:12 [◊] **1:11** Jen 4:3-8 [◊] **1:11** Nonb 16:1-3,31-35

[◊] **1:12** I Kor 11:20 [◊] **1:12** Pwov 25:14 [◊] **1:13** És 57:20

*pou kilès tenèb nwa a te rezève jis pou janmen.

14 Epi selon sa yo tou *Énoch nan setyèm jenerasyon Adam, te fè pwofesi e te di “Byen gade, Senyè a te vini avèk anpil milye yo a moun sen pa Li yo,

15 pou egzekite jijman sou tout, epi pou fè rann kont a tout enkwayan yo avèk zak enpi pa yo, ke yo t ap fè nan yon jan ki san respè Bondye, epi tout move bagay ke *pechè yo san fwa te pale kont Li.”

16 Sa yo se *moun k ap plenyen fò nan gòj, k ap toujou twouve fòt, epi k ap swiv pwòp lanvi lachè pa yo. Yo pale *avèk awogans, flatè moun, pou yo kapab gen yon avantaj.

17 Men nou, byeneme yo *dwe sonje pawòl yo ki te pale oparavan pa apot a Senyè nou yo, Jésus Kri

18 ke yo t ap di a nou ke *“Nan dènye tan, ap gen mokè yo, k ap swiv pwòp lanvi pa yo san fwa nan Bondye.”

19 Se sa yo ki lakòz a divizyon yo, moun *k ap reflechi kon lemonn lan, ki san Lespri a.

20 Men nou, byeneme yo *an nou bati sou lafwa ki sen pase tout; epi priye nan Lespri Sen an.

21 Kenbe nou menm nan lamou Bondye, epi toujou *tan swayezman pou mizerikòd a Senyè nou an, Jésus Kri anvè lavi etènèl.

22 Fè mizerikòd sou kèk k ap doute,

* **1:13** II Pi 2:17 * **1:14** Jen 5:18,21 * **1:15** I Tim 1:9 * **1:16** Nonb 16:11,41 * **1:16** II Pi 2:18 * **1:17** II Pi 3:2 * **1:18** Trav 20:29 * **1:19** I Kor 2:1 * **1:20** Kol 2:7 * **1:21** Tit 2:13

23 sove lòt. **◊Rachte yo menm nan dife**
a ak laperèz, epi sou kèk fè mizerikòd avèk
◊rayisman menm pou rad ki te salè pa lachè.

24 Koulye a, a Li menm ki kapab kenbe nou
pou nou pa tonbe, epi **◊fè nou kanpe nan prezans**
laglwa Li san fòt avèk gran jwa,

25 a **◊sèl Bondye Sovè nou an, atravè Jésus**
Kri Senyè nou, se laglwa, majeste, pwisans, ak
otorite, menm avan tout tan, rive Koulye a, epi
jis pou janmen. Amen.

Bib Sen An

The Holy Bible in Haitian Creole, 2023 update

copyright © 2017-2023 Ron Smith

Language: Kreyòl Ayisyen (Haitian)

Translation by: Ron Smith

Contributor: Felix Nixon

This translation is made available to you under the terms of the Creative Commons Attribution Share-Alike license 4.0.

You have permission to share and redistribute this Bible translation in any format and to make reasonable revisions and adaptations of this translation, provided that:

You include the above copyright and source information.

If you make any changes to the text, you must indicate that you did so in a way that makes it clear that the original licensor is not necessarily endorsing your changes.

If you redistribute this text, you must distribute your contributions under the same license as the original.

Pictures included with Scriptures and other documents on this site are licensed just for use with those Scriptures and documents. For other uses, please contact the respective copyright owners.

Note that in addition to the rules above, revising and adapting God's Word involves a great responsibility to be true to God's Word. See Revelation 22:18-19.

2025-04-09

PDF generated using Haiola and XeLaTeX on 15 May 2025 from source files dated 15 May 2025

10d5899e-31c7-5009-983b-ffc4788d2e5b